



Syans nan Kwizin

Koulè kap Bouje

Kisa ke ou bezwen:

- Lakòl blan (dilye ak yon ti dlo) oubyen lèt (preferabman antye oubyen 2%)*
- Koloran manje
- Savon vesèl
- Aplikatè
- Savon detèjan
- Ti bòl ki pa fon oubyen kouvèti plastik

"Ou kapab fè eksperimentasyon sa ka lakòl blan oubyen lèt, depandan de sa ke ou genyen ki disponib. Oubyen, eseye tou lè de e konpare rezilta yo!

Kisa pou fè:

1. Vide lakòl blan oubyen lèt nan yon bòl oubyen yon kouvèti plastik, ase pou kouvri fon an. Si ou sèvi ak lakòl, mete yon ti dlo pou dilye li si ou poko fè sa.
2. Ak atansyon ajoute yon gout koloran nan lakòl lan oubyen lèt lan. San ke ou pa brase'l oubyen manyen'l, kisa ke ou konstate?
3. Mete yon pwent aplikatè nan savon vesèl la.
4. Dousman manyen aplikatè ki gen savon an e mete yon gout koloran manje ladan'l. Kounye a kisa ke ou konstate?
5. Repete etap pa anlè yo jiskaske chak gout koloran manje yo "kap bouje." A kisa ke koloran yo sanble lè yo kontinye elaji?
6. Si w'ap sèvi ak lakòl: Vire eksperimentasyon'w lan an atizana si ou pèmèt ke lakòl lan seche nan bòl lan oubyen kouvèti an. Yon fwa ke li sèch, dousman retire lakòl lan nan bòl lan oubyen kouvèti an. Jwenn yon bon kote pou montre chètè ou an!

